



Pou Piblikasyon Imedya: 06/04/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE ETA NEW YORK TE MENNEN NAN NASYON AN  
NAN ENVESTISMAN POU KAPAB REVITALIZE PWOPRIYETE ISTORIK YO  
ATRAVÈ ETA A**

***Kredi Enpo Reyabilitasyon an (Rehabilitation Tax Credit) Favorize Plis Pase \$3  
Milya nan Envestisman nan Pwopriyete Istorik yo Depi 2013***

***De Tyè nan Pwojè yo Ede Revitalize Sant Komèsyal Istorik yo ki nan Rejyon Nò  
New York***

***Envestisman an Konplemante Inisyativ “Finger Lakes Forward”, “CNY Rising” ak  
“Southern Tier Soaring” – Ki Se Plan Rejyonal yo Ki Vize Devlopman Ekonomi an  
ak Kreyasyon Nouvèl Opòtinite***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke an 2016, Eta New York te mennen nan nasyon an nan kantite pwojè revitalizasyon pwopriyete istorik ki te konplete yo apati itilizasyon pwogram kredi enpo reyabilitasyon yo. Depi lè Gouvènè a te siyen pwojè lwa pou apwiye itilizasyon kredi enpo reyabilitasyon yo pa eta a an 2013, pwogram eta ak federal la te ankouraje investisman \$3 milya nan pwopriyete komèsyal istorik yo. An 2016, \$748 milyon nan investisman te jenere pa kredi federal ak eta a pou revitalize batiman istorik yo atravè eta a.

“Kredi enpo reyabilitasyon yo bay yon motivasyon valab pou investi nan batiman istorik ki pa itilize anpil yo, epi transfòmasyon yo pou vin tounen moniman prensipal fondamantal yo pou kominote yo atravè New York”, **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Kantite sa yo pwouve ke pwogram sa se yon zouti devlopman ekonomik ki efikas, epi nou pral kontinye jefò nou yo pou kapab prezève pwopriyete istorik eta sa yo, epi atire kwasans atravè pwosesis lan.”

Ofisyèl eta yo te anonse etap fondamantal kredi enpo yo nan Konferans Prezèvasyon Atravè Eta New York 2017 lan (2017 New York Statewide Preservation Conference), ki te òganize nan Sibley Square istorik lan, ki se yon pwojè revitalizasyon ki koute \$200 milyon nan kè anba lavil Rochester. Sibley Square se yonn nan 88 pwojè redevlopman komèsyal yo nan Finger Lakes pou favorize kredi enpo reyabilitasyon yo depi 2013. Plis pase de tyè nan pwojè sa yo lokalize nan kominote rejyon nò New York yo, yo ap konplemante inisyativ ekonomik ‘Finger Lakes Forward’, ‘Central NY Rising’ ak

'Southern Tier Soaring' yo, ki ap travay pou transfòme ekonomi rejyonal yo atravè patenarya piblik prive yo.

Kredi enpo reyabilitasyon eta yo motive pi plis pwogram kredi enpo reyabilitasyon federal la. Toulède kredi yo ofri yon 20 pousan kredi enpo pou depans reyabilitasyon ki kalifye yo pou pwopriyetè pwopriyete ki ap pwodwi revni yo ki nan lis oswa ki nan pwosesis pou antre nan lis nan Rejis Plas Istorik Nasyonal ak Eta New York yo (New York State and National Registers of Historic Places). Pandan ke kredi eta te disponib sou divès fòm depi an 2007, limit li yo te fè devlopè yo retisan pou itilize swa kredi federal la, swa kredi eta a, pou pwojè ki gen plis risk yo nan rejyon nò New York.

An 2013, Gouvènè Cuomo te siyen pwojè lwa pou kapab amelyore kredi a nan pèmèt yon pwopriyetè pwopriyete pou fè patenarya ak investisè yo ki pa gen responsabiltite fiskal nan Eta New York epi pran kredi a kòm yon ranbousman. Abilite pou pran yon ranbousman te ede elaji kantite investisè yo ki vle patisipe nan pwojè Eta New York yo. An plis, pwojè lwa ki te siyen pa Gouvènè a te elaji pwogram lan jiska an 2019, sa ki te ede retire ensètitud sou avni pwogram lan.

Nan ane fisal federal 2016 lan sèlman, Biwo Prezèvasyon Istorik Eta a (State Historic Preservation Office, SHPO) te apwouve pwojè reyabilitasyon komèsyal pou \$732 milyon, ki kounye a yo nan oswa ap vanse pou ale nan faz konstwiksyon, ki koni kòm aplikasyon Pati 2 yo, epi te fèmen revizyon yon estimasyon ki vo \$748 milyon pou pwojè reyabilitasyon ki konplete yo, ki koni kòm aplikasyon Pati 3 yo – plis pase nenpòt lòt eta. Depi 2013, SHPO te apwouve plis pase 300 aplikasyon Pati 2 yo pou itilize kredi a pou reyabilite estrikti istorik yo. Kolektivman, pwojè yo te kreye plis pase 5,500 kay nouvo lojman, ki enkli 1,900 kay lojman pou moun revni fèb ak revni modere yo. Plis pase 200 nan 300 aplikasyon Pati 2 yo se pou pwojè delopman yo nan rejyon nò a.

**Rose Harvey, ki se Komisè Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), te deklare.** "Pwogram kredi enpo prezèvasyon istorik yo te revitalize dè santèn batiman estanda yo atravè Eta New York, yo te kreye dè milye pòs travay lokal pou atizan ki talantye yo, epi yo te estimile ekonomi nou an pandan ke l'ap mete fyète plas pami Nouyòkè yo. Anviwònman istorik nou an ki konstwi a li se yon egzanp remakab de wòl dinamik eta nou an nan istwa nasyon nou an. Ak devlopè ak pwopriyetè pwopriyete yo ki ap reyabilite atou pase nou yo, kredi enpo istorik yo ap ede kreye yon wout pou avni Eta New York."

**Nonie Manion, ki se Komisè Pa Enterim pou Finans ak Taksasyon (Taxation and Finance) te deklare,** "Kredi pou Reyabilitasyon Pwopriyete Istorik yo bay motivasyon an plis pou retabli batiman yo ki gen siyifikasyon espesyal pou kominote lokal ak eta nou yo. Ansanm ak lòt inisyativ revitalizasyon yo, kredi enpo sa kapab ede favorize devlopman ak pòs travay, menm jan ak retounen pote lavi nan moniman prensipal ki neglije yo."

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kominote ak Kay NYS (NYS Homes and Community Renewal, HCR), te deklare,** "Kredi enpo prezèvasyon istorik

yo travay an kolaborasyon ak lòt resous prive ak piblik yo pou kapab retabli karaktè vwazinaj yo pandan ke l'ap kreye lojman abòdab ke yo bezwen anpil. Kredi enpo istorik yo se yon konpozan enpòtan nan travay ke nou ap fè. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, HCR ap travay ansanm ak patnè li yo epi li ap mete resous tankou sa a pou travay ki ap rekonekte vwazinaj yo, retabli batiman ki vakan oswa ki pa itilize anpil yo, epi li ap pote nouvèl lavi nan kominote yo.”

**Jay DiLorenzo, ki se Prezidan Lig Prezèvasyon Eta New York (Preservation League of New York State), te deklare,** “Kredi enpo reyabilitasyon istorik yo te enstrimantal nan atire envestisman nan pwopriyete istorik ki te vakan depi lontan yo, soti depi nan vwazinaj lekòl yo pou ale nan moulen ak faktori yo. Pwojè yo nan eta nou an kapab aksede a non sèlman kredi enpo reyabilitasyon Eta New York yo men tout a kredi enpo federal yo – pou jiska 40% nan depans reyabilitasyon ki kalifye yo. Sa ede devlopè yo fè balans risk ak prim yo lè y'ap lanse pwojè renovasyon ki difisil yo, epi an dènye lye benefisyè a tout Nouyòkè yo.”

**Wayne Goodman, ki se Direktè Egzekitif, The Landmark Society of Western New York, te deklare,** “Pa genyen yon zouti ki pi efikas pou kapab konekte revitalizasyon kominotè ak ekonomik ak eritaj nou an ki ap dire depi lontan ke pwogram kredi enpo reyabilitasyon an. The Landmark Society of Western New York ap travay san fatige pou non sèlman fasilite pwojè devlopman yo ki ap itilize kredi sa yo, men tou dirije jefò yo nan kreyasyon lis Rejis Nasyonal yo ki aji kòm pòt prensipal pou kredi sa yo ak avantaj ekonomik konsekan yo. Kredi enpo sa yo absoliman enpòtan anpil nan kenbe wòl vital prezèvasyon an nan devlopman ekonomik.”

**Peg Breen, ki se Prezidan The New York Landmarks Conservancy, te deklare,** “Kredi enpo prezèvasyon Federal ak Eta yo te ede gwo moniman prensipal yo tankou Apollo Theater ki nan Harlem. Epi nou te ede yon douzèn pwopriyete kay pou moun revni modere ki nan Brooklyn, Pi Wo Manhattan ak Jackson Heights pou resevwa kredi eta yo.”

**Konsepsyon pwojè kredi enpo “Pati 2” rejyonal yo te apwouve pa SHPO depi an 2013 jiska jodi a jan nou pral site la:**

**Rejyon Lwès New York** – 88 pwojè te apwouve nan idantifye \$532.2 milyon nan montan reyabilitasyon ki kalifye yo.

**Finger Lakes** – 29 pwojè te apwouve nan idantifye \$289.7 milyon nan montan reyabilitasyon ki kalifye yo.

**Southern Tier** – 32 pwojè te apwouve nan idantifye \$113.6 milyon nan montan reyabilitasyon ki kalifye yo.

**New York Santral** – 27 pwojè te apwouve nan idantifye \$272 milyon nan montan reyabilitasyon ki kalifye yo.

**North Country** – 10 pwojè te apwouve nan idantifye \$35.5 milyon nan montan reyabilitasyon ki kalifye yo.

**Mohawk Valley** – 8 pwojè te apwouve nan idantifye \$40.4 milyon nan montan reyabilitasyon ki kalifye yo.

**Rejyon Kapital** – 63 pwojè te apwouve nan idantifye \$268 milyon nan montan reyabilitasyon ki kalifye yo.

**Mid-Hudson Valley** – 26 pwojè te apwouve nan idantifye \$43.9 milyon nan montan reyabilitasyon ki kalifye yo.

**Vil New York/Long Island** – 55 pwojè te apwouve nan idantifye \$1.39 milya nan montan reyabilitasyon ki kalifye yo.

### **Pwogram kredi enpo**

Pwopriyetè pwopriyete imobilye ki ap pwodwi revni yo ki nan lis Rejis Plas Istorik Nasyonal la (National Register of Historic Places) kapab kalifye pou yon kredi enpo revni federal 20 pousan pou reyabilitasyon sibstansyèl pwopriyete istorik yo. Kantite lajan final la li baze sou montan reyabilitasyon an. Travay ki reyalize a dwe reponn a Estanda Reyabilitasyon Sekretè Enteryè an yo (Secretary of Interior's Standards for Rehabilitation) epi li dwe apwouve pa Sèvis Pak Nasyonal la (National Park Service). Pwopriyetè pwopriyete imobilye ki ap pwodwi revni yo ke yo te apwouve pou resevwa 20 pousan kredi enpo reyabilitasyon federal lan yo otomatikman kalifye pou kredi enpo eta adisyonèl la si pwopriyete a lokalize nan yon etandi resansman federal, ke yo idantifye kòm yon Etandi Resansman Ki Kalifye (Qualified Census Tract), ki gen yon revni familyal mwayen ki nan oswa pi ba pase nivo Revni Mwayen Familyal Eta a. Pwopriyetè yo kapab resevwa yon 20 pousan adisyonèl nan depans reyabilitasyon ki kalifye yo jiska \$5 milyon.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418